

|                                                                                                                          |                                                                                           |                                                 |
|--------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|-------------------------------------------------------------------------------------------|-------------------------------------------------|
| <b>Procedure<br/>PR 005-1WP</b><br><br> | <b>Musoro: Chisungo cheMabatirwo eVanoitirwa Basa</b>                                     | <b>Mapeji:<br/>Mashanu</b>                      |
|                                                                                                                          | <b>Zvakagadzirwa: Nemukuru anoona nezvekudyidzana neveruzhinji</b><br><br><b>Runyoro:</b> | <b>Dzokororo<br/>yeChipiri (02)</b>             |
|                                                                                                                          | <b>Vakazvibvumirwa: Mukuru vezvekushandiswa kweMari</b><br><br><b>Runyoro:</b>            | <b>Zuva<br/>razvakaturwa:<br/>Kubvumbi 2024</b> |

## MAVAMBO

Kambani yeNational Oil Infrastructure yeZimbabwe (Private) Limited (NOIC) ndeye Hurumende yeZimbabwe chete kubudikidza neMutapa Investment Fund. Basa rayo guru nderekutakura muuwandu, kupa rubatsiro hwezvinoda kutakurwazve, kuchengeta nekuona mabatirwo ezvigadzirwa zvemafuta (*petroleum*) kuzadzisa zvinodiwa nenyika maringe nemafuta ekufambisa michovha nemichina.

NOIC yakatambanudza mabasa ayo ndokupinda mune zvekutengesa nekupinza mafuta ezvifambiso nemichina kubva kunze. Kambani iyi inotengesawo *ethanol* kuitira painosungirwa nemutemo kusanganiswa nemafuta anofambisa michovha nemichina. NOIC ine zvikwanisiro zvokusanganisisa pamizinda yayo huye yakazvimisira basa rekusanganisira vatengi vayo.

Kuwanikwa zviri nyore nekukasira kunzwa zvido zvevatengi zvinangwa zvikuru mumaitiro ose eNOIC. Kambani iyi inovavarira kuisa vatengi vayo pamwongo wezvainoita zvose kuitira kuti vagutsikane.

Chisungo chino chinojekesa danho rekuita zvinhu zvemhando yepamusoro sekutarisirwa kunoitwa kuti NOIC iite nevanoitirwa.

## MUONO WEDU

Kuva kambani yemafuta ezvifambiso nemichini inodiwa kupfuura dzimwe munharaunda pajekere.

## VAVARIRO

Kuona kuti mafuta ezvifambiso nemichini negasi zvinowanikwa nguva dzose, paine kutakurwa, kuchengetedzwa, kutakurirazve nekusvitsa kwazvinofanira nguva dzose.

**Kuzvipira kweNOIC kuita basa nemazvo kwakazembera pazviga zvinotevera:**

**Kuvimbika-** chivavariro chikuru chekambani kuva neurongwa hwemafambisirwo ezvinhu unoita kuti zvitengeswa zvisvike kumutengi sezvaanotarisa nguva dzose.

**Kutendeka-** zvatinoita zvese, nguva dzese zvinotungamirirwa nekuita zvinhu pachena, kutendeseka nekusasarura.

**Zvemhando yepamusoro -** Mafambisiro nemaitiro edu ebasa anovavarira kuenzana kuti kwesere kana kupfuura zvipimo zvemaitirwo mumaindasiri enyika yose.

**Mushandirapamwe -** tinotendera kuti munhu wese akakosha huye nekushingirira kushandira pamwe kwevashandi vedu kuzadzisa zvinangwa zvimwe, zvine pundutso uye zvichishanda nemazvo.

**Kuzvipira-** basa redu rinosundwa nekudokwaidzwa nekunzwa kuda kubatsira vatinoitira basa (vatengi vedu) nenzira dzemhando yepamusoro dzekupedza matambudziko kuitira kuti vazadzise zvinangwa zvavo. Ukama hunoenda mberi ndiro ziya rebudiriro yemabhizinesi edu.

## **CHIMIRO CHEMAPAZI**

Dare repamusoro ndiro rinopa urongwa hwemafambisirwo ezvinhu uyewo Mukuru wekambani (CEO) achiona kuti zvaitwa kuburikidza nemapazi anotevera:

**Hofisi yeMukuru weKambani (CEO)** inoona nezvekuumbwa nekuitwa kweurongwa hwekambani, kuongorora mafambiro ezvinhu mumapazi akasiyana siyana mukambani, kuchengetedza ukama nevane chekuita nekambani, kuona kuti zvinoitwa zviri kuitwa maringe nezvisungo nemitemo, kuona kuti kambani yatora nzira inodzivirira kurasikirwa kwayo mumaitiro ayo, kuwanisa zvikwanisiro zvinoita kuti hurongwa hwezvakarongwa hufambe zvakanaka nekuona kuti zvinoitwa nenzira isina uori. Hofisi yeMukuru weKambani ndiyo inotungamirira zvose nekuona kudyidzana kweurongwa, kuongorora mamiriro ezvinhu nekukura kwekambani.

**Zvemari, Mafambisirwo ezvinhu nezveVashandi** rinoona nezvemaitirwo ezvinhu, midziyo yekambani, mafambisirwo emashoko nemashandisirwo emari huye kufamba kwezvinhu maringe nezvinodiwa nemutemo. Bazi iri rinoonawo nezvekuvapo kwenharaunda inoshandika kuitira kuti pave nepundutso yakakura inobuda mukushanda kwacho.

**Zvemaitirwo eZvinhu** ibazi rinoona nezvekugashirwa nekunyorwa uye kuunzwa kwemafuta ekufambisa dzimotokari nemichina kubva kuBeira, kufambiswa kwawo nemumapaipi, kuchengetedzwa nekuzosvitswa kwawo kuvatengi zvisina njodzi, kuchengetedza unaku, kuvakwa nekuchengetedzwa kwezvivakwa. Bazi iri rinoonawo nezvemabatirwo nemachengetedzerwo emidziyo yegasi (LPG).

**Bazi rezveMitemo neMafambiro Akanaka eBhizinesi** rinoona nezvekuvapo kwezvemitemo zvine udzamu nezvose zvinobatsira kufamba zvakanaka kwezvinhu maringe nezvinodiwa pamutemo nepakuitira vatengi zvinofanira kuitwa.

**Bazi rezvekushambadza** rinoona nezvemafambiro eukama nevatengi, kukura kwebasa mune zvekutengesa, zvekutengesa, kushambadza neukama neveruzhinji kuitira kukudza nharaunda yevatengi nekuchengetedza chimiro chakanaka chezvitenengeswa mumapazi ose ekambani.

## **NZVIMBO DZEDU**

Nzvimbo yeFeruka–Dhepoti iri riri maMutare huye ndiro nzvimbo yokutanga pakugashirwa kwemafuta edzimota nemichini achipinda munyika muno nemapaipi kubva kuBeira kuMozambique. Pane kuchengetedzwa, kutakurirazve kana kudirwa kuti atakurwe nekuendeswazve kupaipi reMsasa kuendesa kuvatengi vedu vari muHarare nedzimwe nzvimbo dziri mberiyo.

Nzvimbo yeMsasa – Iri ndiro dhepoti guru munyika ino riri muHarare huye ndiro pfimbi inochengeterwa nekuzosvitsazve kana kutorera mafuta ezvifambiso nemichina.

Nzvimbo yeMabvuku – Iri dhepoti rinobatsiridza reMsasa uye riri muHarare. Rinobatsirawo pakuchengetedza, kuzosvitsazve nekutorera mafuta ezvifambiso zvemumigwagwa nezvenjanji. Rinobatsirawo pazvifambiso zvinopfura zvichienda kune dzimwe nyika dziri munharaunda yatiri.

Nzvimbo yeBulawayo – Riri nechekuchamhembe (kuzasi) kwenyika yedu, dhepoti iri rinogashira mafuta anouya nemigwagwa nenjanji. Rinofambisawo richisvitsa mafuta nemigwagwa pamwe nekuita basa rekusanganisa zvinoda kusanganiswa neethanol .

Nzvimbo yeBeitbridge – Dhepoti iri rinogashira dhiziri rinouya nemigwagwa nenjanji kubva kuSouth Africa nekuMatola kuMozambique zvakare rinoitazve basa rekuchengetedza nekuzosvitsazve mafuta kunzvimbo dziri nechekuchamhembe kwenyika ino.

Nzvimbo yeRuwa - Dhepoti iri rinoita basa rekuchengeterwa nekuchengetedzwa kwegasi (LPG). Padhepoti iri panozadzirwa matangi egasi, kutorwa kwegasi muuwandu nekurigashira parinouya.

## **VATINOITIRA BASA**

- Vanotengesa mafuta avanopomba nepaipi rinofamba nemafuta.
- Makambani nevanotengesa mafuta vanenge vachida pekuchengetera zvigadzirwa zvemafuta (*petroleum*).
- Vagadziri veethanol vanenge vachida pekuchengetera zvigadzirwa zvavo.
- Makambani anenge achida kuongororerwa zvinhu zvavo mumarebhu.
- Vanotenga zvinhu kubva kunze nevatengesi vegasi(LPG) vanenge vachida pekuchengetera.
- Vanohodhesa gasi (LPG) nevanorihodha vachizotengesa.
- Vanoita zvekutengesa vanenge vachida gasi (LPG) rekuzvishandisira.

NOIC inozvipira-

- Kuwanisa mafuta papombi mukati memaawa makumi maviri nemana kana kupombi yaanofamba nayo zvose zvakanaka.
- Kuwanisa mafuta papombi mukati memazuva matatu(maawa makumi manomwe nemaviri) kana zvisina kumira zvakanaka kupombi yaanofamba nayo.
- Kuzadza mota dzinotakura mafuta dzinofamba pamigwagwa mumaminetsi makumi manomwe kubva pakutanga kuipombera kusvika pakunzi ichienda.
- Kuzivisa vanoitirwa basa kana paine zvichavhiringidza kufamba kwezvinhu mazuva mashanu zvisati zvaitwa.
- Kuzivisa nezvekubuda kwezigadzirwa mukati memaawa gumi nemaviri mushure mekuziviswa neanopa mutengi chigadzirwa nekunge muripo unodiwa kupinza zvinhu kubva kunze kwenyika waitwa.
- Kupindura zvese zvinenge zvabvunzwa zvakananyorwa mukati memazuva matatu ebasa.
- Kugadzirisa zvichemo zvevatengi mukati memazuva manomwe ebasa.
- Kuchengetedza utano, kudzivirira njodzi nekuchengetedza nharaunda zvevatinoshandidzana navo kuburikidza nekutevedzera zvizere chisungo ZWS ISO45001:2018 nekutevedza zvinodiwa neZWS14001:2015.
- Kukasira kupa vatengi zigadzirwa pavanongopa mapepa avo akakwana.
- Kuona kuti unaku hwezigadzirwa zviru kupfuudzwa zvinowirirana nezvakatarwa pazvisungo zvenyika.
- Ngazvipindirane nemitemo nezvisungo zvinodiwa pabasa riri kuitwa.

## **KODZERO DZEDU**

NOIC ine kodzero dze:

- Kutora muripo nemitero kubva kuvatengi sekutsanangurwa kwazvo muzvitenderano zviripo.
- Kukanzura ne/ kana kunatsurudza zvakatenderanwa maringe nezvirevo zvacho.
- Kubata chinhu chacho kana pane muripo wemari yebasa usati wabhadharwa.
- Kuramba kugashira chinhu kana chisingapindirani nezvakatarwa.
- Kurambidza kupinda munzvimbo dzayo vanhu vose vanowanikwa vachiita zvoukopokopo, zvoutsotsi nezvimwe zvisina hunhu.

## **KODZERO DZEVATINOITIRA BASA**

Vatinoitirwa basa neNOIC vane kodzero dze:

- Kutora mafuta kana vazadzisa misenzekete inodiwa.
- Kusvitsa kunyunyuta kwavo nezvemaitiro edu kuMukuru weKambani (CEO) kana mumwewo mukuru pakambani.

- Kusvika pamizinda yeNOIC kana vapiwa tendero yacho.
- Kupiwa zvinyorwa zvinoratidza mafambisirwo ezvinhu pakupera kwemwedzi

## **ZVINOSUNGIRWA VATINOITIRA BASA**

Vanoitirwa basa neNOIC vanosungirwa:

- Kubhadhara basa ravanenge waitirwa maringe nezvisungo nezvibvumirano zvakaitwa.
- Kubhadhara miripo nemitero yese maringe nezviri pamutemo.
- Kutevedza zvisungo, zvakatarwa nemitemo.
- Kukodzera sezvinodiwa neNOIC kuti vawane chinhu.
- Kubata nguva dzakatarwa dzokunyoresa kutengerwa zvinhu.
- Kutevedza mitemo nezvisungo zvemaitiro anotarisirwa munharaunda dzeNOIC.

## **KUONGORORWA KWECHISUNGO CHEVANOITIRWA BASA**

Chisungo chino chichaongororwa mushure memakore maviri ega ega huye/ kana paita chikonzero mushure mekuonesana nevanoshandwa navo nezvinobva kune vanoitirwa basa.

## **RUBATSIRO**

Kana pane zvamungada kuti tizive nezve Chisungo Chevanoitirwa Basa chino, batai Mukuru wezveKushambadza, Mrs C. Chikwaiti-Jingura: [cchikwaiti@noic.co.zw](mailto:cchikwaiti@noic.co.zw). Nhare: +263-242-771477, Nharembozha: +263-772 535 313

Nhare yepachena: 0772171459 / 08080203

**Zvakabvumiwa na: W. Matukeni**  
**Mukuru veKambani**

**Runyoro:** \_\_\_\_\_